Jesu anogamuchirwa muJerusarema

“Akaropafadzwa uyo anouya muzita ralshe!”
“Hosana kumusoro-soro!”
MATEO 21:9

Jesu anogamuchirwa muJerusarema

“Akaropafadzwa uyo anouya muzita ralshe!”
“Hosana kumusoro-soro!”
MATEO 21:9

MATEO 21:1-11 - *Jesu anogamuchirwa muJerusarema*

Vakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2achiti kwavari, “Endai kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure muuye nadzo kwandiri.

3Kana pano munhu anotaura chinhu kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida uye achadzidzosa nokukurumidza.”
4Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofita achiti:

> 5“Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira, Mambo wako anouya kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro, ari pamusoro pomwana wembongoro.’”

6Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu.
7Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguo dzavo pamusoro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo.
8Vanhu vazhinji vakawarira nguo dzavo mumugwagwa, vamwewo vakatema mapazi emiti vakaawarira mumugwagwa. 9Vazhinji vakanga vakatungamira mberi navaya vakanga vachitevera vakadanidzira vachiti:

“Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!”
“Akaropafadzwa uyo anouya muzita raIshe!”
“Hosana kumusoro-soro!”

10Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa, vakabvunza vachiti, “Ndianiko uyu?”

11Vazhinji vakati, “Uyu ndiye Jesu, muprofita anobva kuNazareta kuGarirea.”

MATEO 21:1-11 - *Jesu anogamuchirwa muJerusarema*

Vakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2achiti kwavari, “Endai kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure muuye nadzo kwandiri.

3Kana pano munhu anotaura chinhu kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida uye achadzidzosa nokukurumidza.”
4Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofita achiti:

> 5“Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira, Mambo wako anouya kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro, ari pamusoro pomwana wembongoro.’”

6Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu.
7Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguo dzavo pamusoro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo.
8Vanhu vazhinji vakawarira nguo dzavo mumugwagwa, vamwewo vakatema mapazi emiti vakaawarira mumugwagwa. 9Vazhinji vakanga vakatungamira mberi navaya vakanga vachitevera vakadanidzira vachiti:

“Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!”
“Akaropafadzwa uyo anouya muzita raIshe!”
“Hosana kumusoro-soro!”

10Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa, vakabvunza vachiti, “Ndianiko uyu?”

11Vazhinji vakati, “Uyu ndiye Jesu, muprofita anobva kuNazareta kuGarirea.”

40-52 Palm Sunday Poster

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona